

REZIME KLAS #4: KOUPLAJ AK DIVÈS POZISYON POU BAY TETE


1. **Kouplaj** se fason bouch tibebe a tache nan pwent tete manman an pou l tete epi fè lèt la koule.
2. Gen twa pwen ki enpòtan pou tcheke kijan tibebe a kouple nan pwen tete manman an: **reflèks primitif** ke tibebe a montre, **fòm ak direksyon tete manman** yo, epi finalman **siy yon kouplaj kòrèk**.
3. **Reflèks souse** aktive lè yon eleman antre nan bouch tibebe a. **Reflèks rechèch**: Li aktive lè w manyen nan bouch oswa nan machwè yo. Tibebe a vire tèt li, ouvri bouch li epi lonje lang li nan direksyon yo te touché l.



4. Se pou nou gade ki **direksyon tete manman** yo genyen e apre sa kouple bebe a an fas pwen tete a. Fòk ti bebe a byen aliye tou. Kò l dwe rete dwat ki vle di pa koube do l. Li dwe fas a fas avèk manman l, yon fason pou youn ka gade lòt nan je.



5. Siy yon kouplaj kòrèk:



6. Si bebe a gen yon **kouplaj pwofon**, li ka rale bien. Sa fè yon eksitasyon adekwa nan glann mamè a, ki vire an rezilta yon bon pwodiksyon lèt. Lèt la ap koule byen e timoun nan ap gen bon kwasans ak devlopman, anplis ke lap kalm e jwenn bon repo. Manman an pa santi doulè lèl bay tete epi li posib pou li bay tete sou demann, sa vle di chak fwa ti bebe a mande'l.



7. Lè kouplaj la pa pwofon ti bebe a pa rale bien, FIL la pa elimine. Nap jwenn yon kantite lèt ki pa ase pou nourri tibebe a. Lap gen difikilte ak kwasans ak devlopman li yo epi l'ap ajite ak enkyete. Li pap ka dòmi pou anpil tan epi l'ap mande lèt trè trè souvan paske li rete grangou.

kòrèk ✓



Pa kòrèk ✗



8. Lè tibebe a fin souse yon premye tete ou ka ba l tete nan lòt la si li bezwen toujou. Konsa w ap ankouraje lèt la kontinye koule nan toulede tete yo, epi tibebe a ap jwenn denye lèt la nan premye tete a, ki gen grès la, ki nourisan pou li epi ki plen vant li. Fòk chak tete jwenn chans li pou l fè anpil lèt. Si w te kòmanse ak tete dwat, prochen fwa kòmanse ak tete gòch la.

9. Gen divès pozisyon pou bay tete. Chak nan yo ka favorize pwosesis bay tete a :

Byolojik: Nou kapab wè sa lè nou kite tibebe ki fèk fèt la rale sou kò manman an jiskaske li sezi tete a.

Madòn: Sonje kenbe tibebe w la toupre kò w (pa panche ale jwenn li). Vant li dwe kole sou vant pa w. Li dwe fas a fas avè w.



Madòn modifye : Nan fason sa a, nou ka pi byen kenbe tèt ti bebe a si nou fè 2 dwat nou ale jwenn dèyè zòrèy li yo. Konsa nou ka ba li direksyon tete a (sitou pou tibebe piti). Anplis, nan pozisyon sa a nou ka chanje de yon a lòt tete.

Ti valiz : Li se yon bon pozisyon sitou pou tibebe piti pou bien kenbe tèt li lè gen pwoblem kouplaj, lè w te fè sezaryèn ak lèw ap bay marasa tete.



Cheval: Pozisyon sa a tou ede ti bebe ki pa gen anpil fòs pou rale lèt oswa ki tonbe nan dòmi trè fasil. pi fasil lè tibebe a gen kèk mwa epi li ka deja kenbe tèt li.

Kouche: Li trè itil lè manman an gen doulè, fatigue oswa lè li reveye pou l bay tete pandan lannwit.



10. Byen pran tete a ede ni manman an ni tibebe a. Sa ap ede tibebe a byen rale epi lèt la ap koule byen. Yon bon pozisyon anpeche doulè nan pwent tete yo epi anpeche yo blese.